**दिन–शनिवार** **दिनांक–31.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन काल्हि लोकसभा मे वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट प्रस्तुत करतीह। लोकसभाक बाद बजटक प्रति राज्यसभा मे पेश कयल जायत। संसद मे बजट भाषण संपन्न भेलाक बाद बजटक प्रति मोबाइल ऐप आओर वेबसाइट पर सेहो उपलब्ध होयत।

---

सामयिक चर्चाक अंतर्गत आइ केन्द्रीय बजट दू हजार छब्बीस–सत्ताईस सँ पूर्व बजट सँ आम लोक सभक अपेक्षा सभ पर आधारित विशेष कार्यक्रम राति सात बाजि कऽ बावन मिनट सँ आकाशवाणी पटना सँ प्रसारित कयल जायत।

---

बिहार विधानमंडलक बजट सत्र दू फरवरी सँ शुरू भऽ रहल अछि। ई सत्र सत्ताईस फरवरी धरि चलत। एहि दौरान कुल उन्नैस बैसार होयत। बजट सत्रक पहिल दिन राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां विधानमंडलक विस्तारित भवनक सेंट्रल हॉल मे विधानसभा आओर विधान परिषदक सदस्य सभ कँ संबोधित करतथि। एहि दिन आर्थिक सर्वेक्षण पेश होयत आओर राज्यपाल द्वारा स्वीकृत अध्यादेश सभक प्रति सदन पटल पर राखल जायत। सत्रक दोसर दिन तीन फरवरी के वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट पेश होयत।

---

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि जे वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन नवम बेर बजट पेश करतथि। ओ कहलनि जे आम बजट जनहित मे होयत। आओर लोक सभक अपेक्षाक अनुरूप होयत। ओतहि, जदयूक वरिष्ठ नेता आओर ग्रामीण कार्यमंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे बिहार पूरा देश मे सभ सँ तेज गति सँ बढैत राज्य अछि। ओ कहलनि जे बिहार के केन्द्रक विशेष सहायता भेटत।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक इंटरमीडिएट वार्षिक परीक्षा दू फरवरी सँ शुरू होयत। बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर आइ पटना में पत्रकार सभ सँ गपशपक क्रम मे कहलनि जे एक हजार सात सय बासठि परीक्षा केन्द्र पर तेरह लाख सत्रह हजार सँ बेसी परीक्षार्थी शामिल हेतथि।

———————————————————————

पटना मे नीट छात्राक मृत्युक मामिलाक जाँच आब सीबीआई द्वारा कयल जायत। गृह विभाग एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कयलक अछि। अधिसूचना मे स्पष्ट कयल गेल अछि जे सीबीआई मात्र जाँच करबाक लेल नहि बल्कि आवश्यक कार्रवाई लेल राज्य आ एहि सँ जुड़ल कतेको स्थान सभ पर शक्तिक प्रयोग करबाक लेल अधिकृत अछि। पटना केन्द्रीय प्रक्षेत्रक आईजी के सेहो एहि मामिला सँ संबंधित सभ आवश्यक दस्तावेज सीबीआई के उपलब्ध करेबाक निर्देश देलनि अछि। ध्यातव्य अछि जे पटनाक चित्रगुप्त नगर थाना क्षेत्र मे एकटा हॉस्टल मे रहयवाली छात्राक संदिग्ध स्थिति मे मृत्यु भऽ गेल छल।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सरकारक नियत साफ अछि। ताहि कारणे सीबीआई जाँचक सिफारिश कयल गेल अछि। दरभंगा मे पत्रकार सभ सँ गपशपक क्रम मे कहलनि जे पीड़ित परिवार कँे संतुष्टि हो, पूरा न्याय भेट सकय एहि लेल सीबीआई जाँचक फैसला कयल गेल अछि।

———————————————————————

स्वास्थ्य सेवा महानिदेशालय डीजीएचएस द्वारा कहल गेल जे नीट पीजी परीक्षा लेल राउंड थ्री काउंसलिंग प्रक्रिया फेर सँ शुरू भऽ गेल अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे डीजीएचएस बतएलनि जे काउंसलिंग प्रक्रिया नव पंजीकरण सभक सुविधाक संग दुबारा शुरू भेल अछि। बेसी जानकारीक लेल मेडिकल काउंसलिंग कमेटीक वेबसाइट पर देखल जा सकैत अछि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार द्वारा देशभरि मे किसान सभक बीच पच्चीस करोड़ सँ बेसी मृदा स्वास्थ्य कार्ड वितरित कयल गेल अछि। ई योजना वर्ष दू हजार पन्द्रह मे शुरू कयल गेल छल।

———————————————————————

राज्यक तेरह टा पारम्परिक विश्वविद्यालय सभक शिक्षक कर्मीक वेतन पेंशन भूगतानक लेल तीन सय दस करोड़ रुपैया सँ बेसीक राशि जारी कयल गेल अछि। एहि राशि सँ जनवरी मासक वेतन पेंशनक भूगतान होयत। सभ सँ बेसी वेतन मद मे राशि भीमराव अम्बेडकर बिहार विश्वविद्यालय मुजफ्फरपुर के निर्गत कयल गेल अछि।

————————————————————————————

देश मे कतेको स्थान सभ पर बर्फबारी आओर बरखाक कारणे प्रदेशक मौसम मे बदलाव देखल गेल अछि। पिछला चौबीस घंटाक दरमियान राजधानी पटना समेत कतेको स्थान सभक अधिकतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। एहि दरमियान कुहासा आओर ठंडा हवा सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। भागलपुरक सबौर सात दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संगा राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे सर्द हवाक कारणे राज्यक उत्तर—मध्य आओर दक्षिण—मध्य भाग सभ मे विभिन्न स्थान सभ पर ठंडा मे बढ़ोतरी होयत।

————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।